# ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ЖАҢА ДӘРЬЯ ДӘЎИРИ ТАРИЙХЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ ҲӘМ ОНЫ ОҚЫТЫЎДЫҢ ГЕЙПАРА МӘСЕЛЕЛЕРИ

**К.Алламбергенов –** *филология илимлериниң докторы, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Жаңа дәрья, XVIII аср, «Уллы таў», «Посқан ел», «Шежире», «Нуртай қала», «Қарақалпақ дәстаны» романи.
**Ключевые слова:** Джанадарья, XVIII век, роман «Уллы тау», «Поскан ел», «Шежире», «Нуртай кала», «Каракалпак дастаны».
**Key words:** Jana Darya, 18th century, "Ully tao'", "Poskan el", "Shejire", "Nurtay kala", "Karakalpaq dâstany" roman.

Халық аўызындағы аңыз-әңгимелер менен тарийхый дәреклер келтирген мағлыўматларға қарағанда, қарақалпақлардың Жаңа дәрья дәўири (XVIII әсир) өзиниң қыян-кески тарийхый-мәдений ўақыяларға байлыўы ҳәм олардың сиясий әҳмийетиниң өғада күшлилиги менен ажыралып турады. Бәлким, усыннан болса керек бул ўақыялар ерте дәўирлерден баслап-ақ көпшиликтиң қызығыўшылығын өзине тартып келмекте. Мәселен, сол XVIII әсирдиң өзинде-ақ көрнекли сөз шебери Жийен жыраў бул дәўир ўақыяларына бағышлап «Уллы таў», «Посқан ел» сыяқлы толғаў поэмалар менен көп санлы термелер дөреткен болса, XIX әсирдеги әдебиятымыздың уллы байтереги Бердақ шайыр өзиниң «Шежире» сыяқлы шаҳ шығармасының әдеўир бөлегин Жаңа дәрья дәўири тарийхый ўақыяларын сәўлелендириўге бағышлады. XXI әсирде болса бул дәўир ўақыялары Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» менен К.Мамбетовтың «Посқан ел» роман-эпопеяларының «Маман бий әпсанасы», «Түркстан» китапларында мәлим дәрежеде сәўлелениў тапты.

Бирақ, бул шығармаларда Жаңа дәрья дәўири ўақыяларына берилген тарийхый-сиясий сыпатламалардың ҳәр қыйлы көзқараста сәўлеленгенлиги көзге тасланады. Усыннан болса керек, бул дәўир ўақыялары орта мектеп, академ лицей, кәсип коллежлери менен жоқары оқыў орынларының әдебият тарийхы пәнлерин оқытыўда ҳәр түрли мазмунда оқытылып келмекте. Ал, ҳәзирги тарийх илиминиң көрсетиўинше, ҳаслында Әмиўдәрья менен Арал бойы әтираплары қарақалпақлардың этнос, халық сыпатында пайда болып қәлимплескен дәўирлеринен берли өмир сүрип киятырған ата мәканы, бул аймақта қарақалпақлар ҳәзирги атамасында X әсирде-ақ халық сыпатында пайда болған [2:10]. Қарақалпақлардың Жаңа дәрья тарийхы болса олардың ҳәр қыйлы тарийхый, сиясий-жәмийетлик, экологиялық жағдайларға байланыслы көшип қонысланыў жөнелисинен дерек бериўши баслы факторлардың бири сыпатында баҳаланыўы керек.

Қарақалпақлардың Жаңа дәрья дәўири тарийхын усы көз-қарастан үйрениў ҳәм оқытыўда Бердақтың «Шежире» дәстанында келтирилген тарийхый мағлыўматлардың хызмети оғада уллы.

Бердақ «Шежире»синдеги қарақалпақлардың бул Жаңа дәрья, Түркстан дәўири «Қарақалпақтың бәри кетти, Жаңа дәрьясына жетти», «Ата журтыдур Түркстан, Түркстанға барған екен» дегендей қатарларда мақтаныш сезимлери менен жийи-жийи еске алынады ҳәм шайыр ҳәр қыйлы ханлықлар арасындағы жер-суў таласлары, басып алыўшылық урыслар қарақалпақлардың айрым бөлеклериниң бул жерден де көшиўиниң тийкарғы себепшиси болғанлығын сол дәўирлерге тийисли тарийхый ўақыялар арқалы исенимли сәўлелендиреди:

Қарақалпақ көшип бүлинди,
Көшкени сыйыр жылы еди,
Журт сол жерден үш бөлинди,
Үш тәрепке кеткен екен. [6:214]

Бердақтың көрсетиўине қарағанда, қарақалпақлардың Сыр дәрья бөлеги қанша қырғын болса да, өзлериниң ата журты есапланған Түркстаны менен бираз жыллар тынышлық ҳәм тоқлықта жасаған Жаңа дәрьясын көзи қыйып бирден таслап кете алмаған. Жаўынғырды «қудай урып», бул мәканды ақырына дейин қорғаўға шыдамы жетпей, ертерек бөлинип көшип кетсе де, Қоңыраттың Шүллик қәўимлери ҳәм Қытайлар «Қосназар ҳәм Нуртай болып» киндик қанлары тамған, маңлай терлери сиңген бул теберик зәминди ақырына дейин жаўлардан қорғап турған.

Бирақ, жаўынғырдың бүйректен сыйрақ шығарып, өзинше ҳәрекет етип, ерте көшип кетиўлери Шүлликлердиң де күшин бөлип, оларды да көшип бүлиниўлерге мәжбүр еткен. Себеби, Шүлликлер әййемнен халық уйытқысы болып киятырған Қоңырат улысының екиге бөлинип кетиўине қатты намыс еткен. Сонлықтан, «Шежире»де халықлық характердеги бул айрым нуқсанлар шайыр тәрепинен:

Қудай урды Жаўынғырды,
Сумлық етип кеўлин бурды,
Шүллик оны басып урды,
«Ақырзаман» болған екен [6:216]

-деп үлкен ғәзеп пенен жыр етиледи.

Шайырдың пикиринше, халықтың өз ара маўасаға келмей, Қоңырат көшейик десе, он төрт руў көшпей қалып, бир пикирлес болмаўлары менен арыслардың да өз ишинде бөлинип кетиўлери мен-мен деген халық батырларының қолларын байлап, жаўға қарсы жигерли гүресе алмай, ишқыста болып өлип кетиўлерине себепши болған. Мысалы, он төрт руў батыры Қосназар мене Шүллик батыры Нуртайдың жаўға қарсы бирлескен күшлериниң бөлиниўиниң трагедиялық ақыбетлери де усы алаўызлықтың себеплеринен келип шыққан:

Қосназарды таслап кетип,
Қашқанлығын намыс етип,
Бир ҳәпте үйинде жатып,
Нуртай батыр өлген екен. [6:2170]

Мине, жоқарыдағыдай жағдайлар себепли де Бердақ Нуртай батыр өлимин усылайынша терең қайғырыўшылық пенен сәўлелендиреди. Себеби, Бердақтың көз-қарасынша да, халықлық көз-қарас бойынша да Нуртай батыр XVIII әсир қарақалпақ тарийхында өзиниң патриотлық сыпатлары менен жақсы из қалдырған үлкен тарийхый тулға болып есапланады. Мәселен, Бердақ усы «Шежире» шығармасындағы қостамғалы руўының келип шығыўын айтқан орынларда Нуртайдың қостамғалының Жангелди тийресинен екенлигин айтып, оның ата-бабаларының да, үрим-путақларының даңқлы тулғалар болғанлығына айрықша бир қанаатланыўшылық сезимлери менен жыр етип, унамлы сыпатлама береди:

Жангелди бабаң Жаўлатпай,
Оның улы Айдар, Нуртай,
Ким болды Арзы аталықтай,
Рахматилла болыс болған екен. [6:209]

Бул үзинди де келтирген адам атларының барлығы дерлик тарийхый тулғалар екенлигин бизиң халық аўызынан жазып алған руўлар шежиресиниң мағлыўматлары да тастыйықлап турады. Мәселен, Қараөзекли белгили ел ағаларының бири, Қостамғалы руўының Жангелди тийресиниң Бийқараған топарынан тараған Дәўлетмурат Сейтеков пенен ағасы Алламберген Даўытовлардың аталас инилери Жолдасбай Матчанов, Сағыйдулла Музаффаров, Султанбай Айтжановлардан тарийхшы О.Юсуповтың ертеректе жазып алған мағлыўматларына қарағанда, олардың келип шыққан руўлық топарына Бийқараған деген атама бийкарға берилмеген. Олардың түп бабасы

Жангелдиниң әкеси Жаўлатбай, олардан туўылған Айдар баба, Нуртай баба, Арзы аталық, Рәметулла болыслардан тартып Дәўлетмурат Сейтековтың өзине шекем шынжырма-шынжыр батыр, баба, бий, аталық, болыс лаўазымларын атқарып келген. Атап айтсақ, түп бабалары Нуртай баба батыр болса, оның еки баласы Айдар, Ийгилик – шешен, бий болған. Ал, Ийгилик бийдиң баласы болса халық аўызында:

Хан қасында Қабыл зор,
Өжетликке Ораз зор,
Шешенликке Арыз зор,
Майлы шеңгелден өткен соң,
Бәринен де дәкең зор,

-деп, нақыл сөз болып айтылып жүрген белгили Арзы аталық болып табылады.

Белгили археолог алым Г.Хожаниязов пенен тарийхшы О.Юсупов келтирген мағлыўматларға қарағанда, Арзы бий аталық (XIX әсир), ҳақыйқатында да, қарақалпақлардың қостамғалы руўынан шыққан белгили ел ағасы. Ол Қазақ дәрья, Зайыр, Қусханатаў, Шахаман жерлерине аталық еткен [4:209].

Тарийхый дереклерге ҳәм информаторлар берген мағлыўматларға қарағанда Арзы аталық қарақалпақлар руслар қол астына өткен жылларда қайтыс болған. Оннан өрбиген еки баланың бири Рәметулла Бердақ «Шежире»синде келтирилгениндей болыслық лаўазым атқарса, оның екинши баласы Сапардан туўылған Музаффардың балалары, яғный Арзы аталықтың қуўлықлары Сағыйдулла, Бегдуллалар болса ҳәзир Қараөзек районының орайында жасайды [4:46].

Мине, усындай үрим-путақларға ийе Нуртай батыр ҳаққындағы жоқарыдағы мағлыўматлардың дурыслығын тарийхый дереклер де тастыйықлайды. Тарийхый дереклерге қарағанда, 1810-жылы урыста жараланып өлген Нуртай батырға Сырлы тамда оба салынған. Қарақалпақлардың қостамғалы руўынан шыққан Нуртай (Нурмухаммед) батыр ўақтында «Нуртай қала» үстинен өткен Россия, Бухара ҳәм Хийўа кәрўанларынан бажы алып турғанлығы тарийхый дереклерден белгили [4:23].

Бизиң пикиримизше, Бердақ «Шежире»синдеги Нуртай батыр тарийхына байланыслы айтылған:

Хан ҳәзиреттен жуўап алып,
Бүйрек жолға қала салып,
Үш руўға патша болып,
Кеўлиндегин қылған екен.
Қаласын мықлым сайлады,
Душпанның жолын байлады, [6:208-209].

деген қатарлар да усы пикирлердиң айқын дәлили.

Буның себеби, биринshiден, Нуртай тарийхына байланыслы бул пикирлер Бердақ «Шежире»синде «Жангелди бабабаң Жаўлатпай, аннан туўған Айдар, Нуртай», «Айдардың еки улы бар, малға салған тамғасы бар, тамғасы қос болған екен», «Айдар улы қостамғалы» деп келтирилетуғын қостамғалы ҳәм оның жангелди сыяқлы тийресиниң келип шығыў тарийхы айтылатуғын қатарларға байланыслы келтирилсе, екиншиден, Нуртай қаланың тарийхта болғанлығын тарийхый дереклер де бийкарламайды. Мысалы, М.Тилеўмуратовтың көрсетиўинше, «Шежире»деги Бердақ шайырдың қарақалпақлардың Жаңа дәрья тарийхы, соның ишинде Нуртай батыр тарийхы ҳаққында келтирген мағлыўматлар ҳақыйқатлыққа бир қанша жақын келеди, Бердақ «Шежире»синде келтирген Жаңа дәрья, Нуртай қала ўақыялар ҳақыйқатында да XVIII әсирдиң екинши ярымында болған [3:127].

Қарақалпақлардың бул Жаңа дәрья дәўирин илимпазлар қарақалпақ тарийхының ғәрезсиз дәўири деп атайды [2:25].

Бул дәўирде қарақалпақлар үлкен мийнет қаҳарманлықларын ислеп, үлкен-үлкен суў тармақларын қазып, бул мәканды бағы-бостанға айландырып, ири-ири қалашәҳәрлер бинbackground еткен. Қарақалпақлардың Жаңа дәрья бойында қәд көтерген бул мәдений естеликлери өзлериниң саны ҳәм көлеми жағынан ҳәттеки олардың Әмиўдәрья етегинде ел болған дәўирлериндеги естеликлерден де көп болған [1].

Мине, қарақалпақлардың Жаңа дәрья дәўириндеги усындай естеликлериниң бири Сырлы тамдағы «Нуртай обасы» ямаса «Нуртай қала» болып табылады. Әлбетте, ҳәр қандай халықтың тарийхында да оба менен қалалар әйтеўир адамның атына қойыла бермеген, ямаса ҳәр қандай аты-жолы белгисиз адамның қала салдырыўы да мүмкин болмаған.

Усыған қарағанда, сондай-ақ Бердақ «Шежире»синде Нуртайдың исми ҳәм ол ислеген ерликлер ҳүрмет пенен тилге алыныўына қарағанда, Нуртай ҳақыйқатында да, тарийхта болған адам, өзиниң унамлы хызметлери менен халық ядында сақланып қалған белгили тарийхый тулға. Бул пикиримиздиң дурыслығын М.Тилеўмуратов келтирген архивлик материаллар да тастыйықлап турады.

Бул архивлик материалларға қарағанда, Нуртай Жаңа дәрья қарқалпақлары арасында бурыннан бар отырықшы емес, яғный он төрт руў көсеми болмай, ал Бухаралы қарақалпақлар топарының белгили ўәкили болып табылады. Себеби, онда Бухарадан қандай да бир себеплер менен қашып шыққан Нуртай деген адамның Қуўандәрья бойында қала салып, бул жерден рухсатсыз кәрўан өткермей атырғанлығы, архив тили менен айтқанда, «кәрўанларды талап атырғанлығы» [3:158] ҳаққында мағлыўматлар айтылады. Бул мағлыўмат 1783-жылы 25-мартта Әмир Мухаммед – Бедиевтиң князь Г.А.Потемкинге жазған хаты тийкарында келтирилген.

М.Тилеўмуратовтың көрсетиўинше, Нуртайдың бул ҳәрекети тонаўшылық емес, керисинше Бухара ҳәм Жаңа дәрья қарақалпақларының өзлери мәкан тутқан аймақлардағы ханлықлардың езиўшилик сиясатына қарсы көтерилислерге байланыслы келип шыққан үлкен белгили тарийхый ўақыя болған. Өйткени, Хийўа ханлығында да бул көтерилис тәрепдарлары (Хорезм қарақалпақлары) табылған болыўы керек, Нуртай басшылығындағы бул көтерилисти бастырыўға Хийўа ханлығы да мәпдар болған. Хаттың мазмунына қарағанда, бул ўақыя 1783-жылы басланған. Хатта қарақалпақлар жасап атырған аймақлардағы ҳәмме ханлықлар, әсиресе, Бухара, қазақ ханлықлары Нуртайға қарсы турғанлығы, Хийўа ханы Мухаммед Әмин-инақтың да оны бастырыў ушын ҳәрекет қылғанлығы көринеди.

Бул хатта тағы да қазақ феодалларының Нуртайға қарсы атланысы туўралы айтылады. Мысалы, қазақтың Киши жүзиниң батыры Сырымның бул көтерилисти бастырыўға басшылық еткенлиги ҳаққында тарийхый ҳүжжетлер бар. Бул ҳүжжетлерге қарағанда, батыр Сырым ҳәрекети менен Нуртай көтерилиси бир ўақытта 1783-жылы болып өтеди, Батыр Сырым Нуртай басшылығындағы көтерилисти бастырыў ушын өз тәрепдарлары болған Джангури, Барақ батырларды қарақалпақ улысларына қарсы атланысқа жибереди [3:159].

Усы жерде бир орынлы саўал туўады: Не ушын Нуртай басшылығындағы Жаңа дәрья қарақалпақларының көтерилисин бастырыўға Бухара, Хийўа, Қазақ ханлықларының бәри мәпдар болады?

Бизиң пикиримизше, усыған қарағанда, бул көтерилис өзиниң көлеми ҳәм азат етиўшилик, миллий ғәрезсизликке умтылыўшылық, миллий мәмлекетшиликти қайта тиклеўшилик характери жағынан қарақалпақ тарийхындағы үлкен ўақыя болған. Оның үлкен ўақыя екенлиги сонда – бул дәўирде жаўгершилик ақыбетлеринде қырылып, бөлинип-бөлинип кеткен қарақалпақлардың миллий сана-сезими өсип, өзлигин танып, биригип бир ел болыўды, бир орайға жәмлесиўди, орайласқан миллий мәмлекетшилигин қайта тиклеўди

әрман еткен. Буны бәринен де бетер сол дәуирдеги қарақалпақлардың батыр перзенти, ел ағасы – Нуртай баба жақсы түсинген. Қарақалпақлардың Бухара, Хийўа, Қазақ ханлықлары қол астында аўыр езиўшилик сиясаты менен кемситиўлерине шыдамай атырған аянышлы аўхалына жаны ашыған ел бул аўхалдан қутылыўдың бирден бир жолы – халықтың бир орайға жәмлесиўи, бийғәрез жасайтуғын белгили баслы бир аймақты мәкан тутыўы, сол жерде қарақалпақ мәмлекетшилигин қайта тиклеп, өз алдына қарақалпақ ханлығын дүзиўи деп ойлаған. Бирақ, Нуртай баба бундай ханлықты Хийўа, Бухара, Қазақ ханлықлары менен қарақалпақ қатнасықларының кескинлесип турған усындай бир дәуиринде Түркстанда да, Әмиў, Арал, Сурхандәрья, Қашқадәрья бойларында да дүзиў мүмкин емеслигин жақсы түсинген. Оның түсинигинде халықты бир орайға бирлестириўине, өз алдына бийғәрез ел болып жасаўына ең бир қолайлы мәкан – қарақалпақ халқының үлкен бир бөлеги жүз жылға жуўық дәуирден берли бийғәрез жасап киятырған Жаңа дәрья ҳәм Қуўан дәрья алаплары болған. Сол ушын да, ол бул мәканға өз тәрепдарлары, бала-шаға, ағайин-туўған, руўласлары менен Бухара қол астынан қашып өткен.

Бирақ, қарақалпақлардың бул әрман, тилеклери, әсиресе Нуртай батыр алып барып атырған миллий ғәрезсизлик ушын гүрес сиясаты Қазақ, Бухара, Хийўа ханлығына да жақпаған. Олар қарақалпақлардың өз ханлықлары пухарашылығынан шығып кетиўин қәлемеген. Әсиресе, қазақ ханлары қарақалпақлардың өзлериниң ийегиниң астындағы Жаңа дәрьядай жәннетмәканда бийғәрез ел болып жасаўын онша хош көрмеген. Сол ушын да Нуртай ҳәм оның халқын өзлерине бағындырғысы келип, бир нешше мәртебе қарақалпақларға қарсы атланыслар ислеген. Мысалы, 1786-жылы июль айында Ералы-Султанның генерал-поручик О.А.Игельстромға жазған хатында мынадай делинген.

«Ҳәмме қырғыз-қайсақ басшылары жыйналып, қарақалпақларға қарсы атланысларға шықты. Бул жерде ҳеш ким қалмағаннан кейин мен де солар менен бирге атландым. Бизлердиң келиўимиз бенен қарақалпақлар урысқа кирисиўге таярланды, бирақ ақырында өзлери қырғынға ушырады, олардың бир қаншалары Үргениш тәрепке қашты, ал көпшилиги бала-шағалары менен өлип болды…»

М.Тилеўмуратов бул хаттағы фактлерден өзинше жуўмақ ислеп, оны Ералы султанның Нуртай басшылығындағы қарақалпақлар үстине исленген үлкен топылысы, [3:160] деп тастыйықлайды.

Тарийхый дереклерден белгили болғанындай, ҳақыйқатында да, Ералы султанның бул топылысы қарақалпақларды жасап турған жерлеринен қысып шығарыў ушын олардың Худайменди султанның иниси Бөри султанды өлтиргени ҳәм Бухараға саўдаға баратырған қазақ кәрўанларын талағанлығын сылтаўлап келип шыққан. Усы мақсетте Ералы Султан өзи гүллән ләшкерлери менен топылыс жасамастан бир жыл алдын Жаңа дәрья крепостларында жасап атырған Нуртай басшылығындағы қарақалпақларға 8 мың әскер менен Худайменди султанды Нуртайды жазалаў ушын қарақалпақларға қарсы атланысқа жиберген. Бирақ Худайменди султанның бул атланысы жеңилис пенен аяқланған. Себеби, қарақалпақлар түркменлердиң жәрдеминде 20.000 адамлық бекинис ислеп, Жаңа дәрьяны Худайменди султан ләшкерлерине алдырмаған [3:160].

М.Тилеўмуратов XVIII әсирдиң төртинши шерегинде болған Нуртай басшылығындағы Жаңа дәрья қарақалпақларының бул халық азатлық гүресине төмендегидей жуўмақ жасайды:

«Әлбетте, қарақалпақлардың 20 мың адам менен қорғаныўы XVIII әсирдиң ақырында үлкен бир ўақыя болыўы керек. Өйткени, XX әсирдиң екинши ярымындағы Ерназар Ала көз баслаған халық көтерилиси де 700 хожалықты бириктирип қамал қылған еди. Оның менен салыстырғанда Нуртай көтерилисине жүдә көп адам қатнасқан болып шығады. [3:161].

Буған қарағанда, XVIII әсирдеги Нуртай батыр басшылығындағы халық азатлық гүреси де қарақалпақ халық тарийхындағы XIX әсирдеги Ерназар Алакөз баслаған халық көтерилислериндей әҳмийетли орын тутыўы керек.

Нуртайдың қарақалпақ ханлығының орайын Жаңа дәрьядан дүзиўи ҳаққындағы ойларының тарийхый ҳақыйқатлыққа жақын келетуғынлығын оның басшылығында Жаңа дәрья бойынан салған ҳәм қайта тикленген қалалар да дәлийллеп турады.

Тарийхый дереклерге қарағанда, Жаңа дәрья бойындағы бул жерлер ески цивилизация ошақларының бири болып, алғашқы дәуирлерден баслап Орта әсирлерге шекем отырықшы халықлардың мәкан еткен жерлери болған.

XVIII әсирдиң орталарынан баслап қарақалпақлар бул жердеги ески дийханшылық районларын өзлестириўге үлкен үлес қосады. Олар ескиден сақланып киятырған суў тармақларын қайта қәлипке келтиреди, жаңадан кең көлемли ири ирригациялық қурылыслар қурады, ири-ири қорған қалалар салады. Мысалы, ески қалалар болған, бирақ моңғоллар атланысы дәуиринде ўайраналарға айланған Дженд (Жаңа қала), Ашнас (Асанас), Сығнақ сыяқлы қалаларды қайта тиклеўге ҳәрекет етсе, жаңадан Орынбай қала, Аралбай қала сыяқлы қалалар салған [3:160-162].

М.Тилеўмуратовтың көрсетиўинше қарақалпақлар Жаңа дәрья ҳәм Қуўан дәрья бойындағы бундай қалаларды Нуртай басшылығындағы қазақ феодалларына қарсы урыста қорғаныўы мақсетинде пайдаланған болыўы итимал [3:160-163].

Жуўмақлап айтқанда, Бердақ «Шежире»синдеги қарақалпақлардың Жаңа дәрья дәуириниң Нуртай батырға байланыслы ўақыялары терең тарийхый тамырларға ийе екенлиги менен өзгешеленип турады.

Демек, Бердақ «Шежире»син қарақалпақлардың Жаңа дәрья тарийхын үйрениў ҳәм оқытыў ислеринде де үлкен тарийхый дерек болып хызмет етери сөзсиз.

**Әдебиятлар**


1. Толстов С.П Хорезмская археологическая экспедиция АН СССР в 1964 г. «Известия АН СССР.». Серия «История. Философия,», Т. 4. -М.: 1964
2. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм мәмлекетлигиниң тарийхынан.- Нөкис: ӨзРИА ҚҚБ «Хабаршысы»на қосымша. 2001, №3.
3. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы – тарийхый дерек.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.
4. Хожаниязов Г., Юсупов О. Қарақалпақлардағы муққаддес орынлар.-Нөкис: «Полиграфист», 1994.
5. Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың дәстанлық шығармалары.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
6. Бердақ. Таңламалы шығармалары.-Нөкис: ҚҚМБ, 1950.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётида Жана дария даври тарихи ва уни ўқитиш жараёни таҳлили қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется история джанадарийского периода в каракалпакской литературе и процесс её преподавания.

**SUMMARY.** The article analyzes the history of the Janadariya period in Karakalpak literature and the process of its teaching.